## Шыпакерлер таярлаў мектеби

***Ташкент педиатрия медицина институты Нөкис филиалының 20 жыл ишинде басып өткен тарийхый жоллары ҳәм шыпакер қәнигелигин жетилистиўдиң өзине тән абзаллықлары.***

**Ж.Мамбетов. Б.Сейтимбетова.**

Қарақалпақстан медицина тарийхынан белгили болғанындай қарақалпақ халқы өткен дәўирлер жылнамасында жүдә аўыр қыйыншылықларды басынан кеширди. Халық арасында соматик ҳәм жуқпалы кеселликлер кең тарқалған еди. Жуқпалы кеселликлер соншелли көп болғанлығы себепли үлкенлер ҳәм балаларды ерте дастығынан айырды. Медициналық жәрдем айтарлықтай болмады, медицина хызметкерлери жеткиликсиз, айырым аўылларда улыўма болмады. Шыпакерлерге мүтәжлик ҳаўа, суў сыяқлы зәрүр еди. XX әсирдиң 50-жылларында шыпакерлердиң дәслепки саны келе баслады. Жергиликли миллет ўәкиллери-шыпакерлер пайда болды. 1930-жыллардан баслап ислеп киятырған шыпакерлер О.Халмуратов, М.Мухамедовлерге Ташкент, Самарқанд медицина институтларын питкерген жергиликли миллеттиң ул-қызлары К.Чегинбаев, Р.Бабаназаров, Ч.Абдиров, С.Жуманазаров, С.Бекжанов, О.Абдиреймов, У.Бекжанов, Қ.Нурмақов, С.Кенжебаев, К.Аметова, А.Худайбергенов, А.Досназаров ҳ.т.басқалар келип қосылды. Деген менен жоқары мағлыўматлы кадрларға болған талап өз зәрүрлигин жойытпады. Оның үстине XX әсирдиң ақырғы жылларында Арал проблемасы экологиялық жағдайларды тағы да кескинлестире баслады. Халық арасында ден саўлықты сақлаў, беккемлеў, Арал регионында халық саламатлығын турақлы түрде услап турыў глобал машқалаларға айланды. Шыпакер кадрлар таярлаў мәселеси жәнеде биринши гезектеги мәселеге айланып қала берди.

Бул Қарақалпақстан Республикасында, Республика ҳүкимети басшылығында қоллап қуўатлаўы арқасында, Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде 1990-1991-оқыў жылында медицина факультети ашылды.

Бул медиклер таярлаўдың Қарақалпақстан Республикасындағы ең туңғыш қәдемлери еди. Бундай халық кеўлиндеги арзыў-тилеклериниң табыслы иске асырылыўында Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң сол дәўирдеги ректоры, профессор Қ.Утениязов, академиклер Ч.Абдиров, Т.Ещанов ҳ.т.басқалардың үлеси жоқары болды.

Өзбекстан Республикасы Министрлер кабинетиниң 1-октябрь 1991-жылғы қарары менен ҚМУ медицина факультети Ташкент педиатрия институтының (ТашПМИ) Қарақалпақстан филиалы болып қайта шөлкемлестирилди. 1991-1992-оқыў жылында «педиатрия иси» факультетине 100 студент қабыл етилди. Филиалдың директоры медицина илимлериниң докторы, профессор Ж.И.Мамутов сайланды. Жаңадан шөлкемлестирилген оқыў орынына-филиалдың материаллық-техникалық базасын беккемлеў, оқыў процессин шөлкемлестириў, кадрлар менен тәмийинлеў сыяқлы әҳмийетли жумыслар алып барыў күтилди. Өзбекстан Республикасы

денсаўлықты сақлаў министрлиги, Ташкент, Самарканд, Андижан медицина институты тәрепинен жақыннан бийғәрез жәрдемлер көрсетилди. ТашПМИ коллективи Қарақалпақстан филилының аяққа турып кетиўине оқыў-методикалық, практикалық жәрдемлерин аямады. ТашПМИ ректорлары профессор А.Сулайманов, профессор А.Асадов, профессор А.Алимовлардың дыққат орайында болды.

Филиал базасында жаңа кафедра, лабораториялардың шөлкемлестирилиўинде ТашПМИ кафедра баслықлары А.Закирходжаев, С.Азизова, М.Хакбердиев, Э.Турсунов, С.Рахимов, Х.Файзиев, доцентлер А.Акилов, Р.Исмайлов, Т.Умаров, А.Ганиевлардың хызмети айрықша болды. Қарақалпақстанлы академиклер Ч.Абдиров, Т.Ещанов, медицина илимлериниң докторы А.Кенжебаевлардың пидакарана хызметлери, медицина илимлериниң кандидатлары Ж.Мамбетов, М.Дальжанов, Н.Бисалиев, А.Курбанов, Г.Мамбеткаримов, Д.Дошетов, С.Машариповлардың көрсеткен жәрдемлери филиал жумысларына унамлы тәсирлерин көрсетти. Өзбекстан илимлер академиясының Қарақалпақстан бөлиминиң алымлары - география илимлериниң докторы Б. Жоллыбеков, тарийх илимлериниң докторы Б. Қощанов, химия илимлериниң докторлары А.Айтмамбетов, Е.Сейтмуратов, биология илимлериниң докторы Л.Константинова, тарийх илимлериниң кандидатлары Ж.Бердиев, А.Жумашевлар жаңа филиалдың оқыў жумысларының жеделесиўине жәрдем етти, лекциялар, әмелий сабақларды алып барды. Бундай жергиликли алымлар - илим докторларының, кандидатларының оқыў процессиниң алып барылыўына қатнасыўы филиалдың ҳәр тәреплеме жумысларының тиклениўине, абыройының көтерилиўине өз үлесин қосты. 1990-2000-жыллары филиалдың жумыслары өз жолына түсип, оқыў тәрбиялық, илимий, руўхый ағартыўшылық бағдарлары беккемленди. 2000-жылы 29-30- сентябрь күнлери филиалдың 10 жыллығына арналған «Экология и актуальные вопросы медицины Приаралья» атамасындағы илимий-әмелий конференциясы өткерилди. Конференция өткен дәўир аралығындағы филиал жумысларының табыслары, келешекте исленетуғын илажлар жолламасын айқын көрсетип берди. Өзбекстан Республикасының Министрлер кабинетиниң қарары менен 1996-1998-жыллары Бердақ атындағы мәмлекетлик университетиниң медицина факультети болып қайтадан қосылды, 1998-1999-оқыў жылынан баслап ТашПМИ Нөкис филиалы болып Өзбекстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги қарамағына өткерилип қайта дүзилди. Бундай өзгерислердиң жүз бериўи врачлар таярлаўдың жоқары дәрежеде алып барылыўына кең мүмкиншилик жаратты. Ҳақыйқый кәсиплик билим алыўдың дурыс таңланған жолы болды. Филиалдың оқыў процессиниң жолға түсип кетиўине кадрлар менен тәмийинлеў мәселеси бирқанша қыйыншылықты алға қойды. Деген менен Қарақалпақстан Денсаўлықты сақлаў министрлигиниң емлеў профилактикалық мекемелериндеги, Өзбекстан илимлер академиясының Қарақалпақстан бөлими, Қарақалпақ мәмлекетлик университети, илимий изертлеў институтының хызметкерлери менен толықтырылды. 1992-1993-

жыллардан баслап филиалдың клиник кафедралары ашыла баслады. Ең дәслепки ашылған клиникалық кафедраларга медицина илимлери кандидатлары Ж.Мамбетов, М.Дальжанов, Н. Утегенов, Н.Бисалиев, Т.Умаров, Ж.Алланиязов, П.Менлимуратов, К.Мамбетов, медицина илимлериниң докторлары А Ещанов, В.Тен, М.Кабуловлар басшылық етти. Жылдан-жылға оқыў- таярлық жумыслары дарежеси жақсыланып барылды. Оқыў бөлими, деканат, илимий, оқыў ислери, руўхый- ағартыўшылық жумыслары бойынша директор орынбасарлары лаўазымларына тәжирийбели, искер алымлар қабылланды. Олардан А.Ганиев, Н.Утегенов, Х.Ажимуратов, Т.Умаров, А.Курбанов, К.Пиримбетов, З.Қудайназарова, З.Палуанова, А.Уббиев, А.Пахратдинов, Б.Абсаметов, М.Қурбаназаров, А.Альниязовларды атап өтиўге болады. Сонгы жыллары директордин окыу ислери бойинша орынбасары болып медицина илимлери докторы Г.Мамбеткаримов ислеп келди.

Профессор-оқытыўшылар өз пәнлери бойынша оқыў методикалық қолланбалар, тарқатпа материаллар, тест сораўлары таярлады. «Балалар кеселлиги пропедевтикасы» сабақлығы қарақалпақ тилине аўдарылды, көз кеселликлери бойынша лекциялар жыйнағы таярланды. Профессор-окытыушылар «патфизиология», «биохимия тийкарлари» панинен сабаклыклар таярлады.

Қарақалпақстан Денсаулықты сақлаў министрлигине қараслы Нөкис қаласындағы барлық емлеў профилактикалық емлеў мекемелериниң барлық мүмкиншиликлери клиник пәнлерди алып барыўда тийкарғы оқыў базасы болып хызмет етип атыр. Республикамызға белгили қәнийге-шыпакерлер, медицина илимлериниң кандидаты Д.Ходжиев, С.Бегалиев х.т.б. алымлар филиал кафедраларын басқарып, филиал жумысларына актив қатнаспақта. Бүгинги күни филиалда 5 илим докторы, 24 илим кандидатлары табыслы мийнет етпекте.

2000-жылдан баслап Нөкис филиалының директоры халықаралық Гольдман сыйлығының лауреаты, Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесиниң депутаты, медицина илимлериниң докторы О.А.Атаниязова басқара баслады. 2000-2011-жыллар ТашПМИ Нөкис филиалының беккемлениў ҳәм жәнеде алға илгерилеў дәўири болды. Филиалда усы күнге шекемги «Педиатрия иси» факультетине 1997-жылы «Емлеу иси» факультети, 2004-жылы «Медико-профилактик», «Жоқарғы хамширалық иси» факультетлери ашылыўы менен факультетлер саны 4 ке, улыўма студенлерди қабыллаў саны 200 адамға жеткерилди, материаллық-техникалық базасы жақсыланды, оқыў тәрбиялық, илимий, руўхый- ағартыўшылық жумыслар дәрежеси дәўир талабына жуўап беретуғын болды. Кәсиплик аўқам, Ҳаял-қызлар кеңеси, Камолот жаслар жәмийетлик шөлкеми, талабалар арасында үлкен жәмийетлик жумыслар алып бармақта. Зийрек талабалар менен шуғылланыў жолға қойылған. Республика медицина оқыў орынлары арасында өткерилген олимпияда да филиал талабалары сыйлы орынларды ийелеп келмекте. Дене тәрбия жумыслары, спорт ойынлары жарыслары жыл сайын өткерилмекте.

Ҳәр жылы жаңа жыл, халықаралық хаял-қызлар күни, Наўрыз байрамы, ғәрезсизлик байрамы куўанышлы жағдайда белгиленеди.

Кафедралар саны 25, студентлер 1300 ден артты, ресурс орайы, конференция заллары, аудиториялар, компьютер ханалары, тест орайы, интернет, жоқары дәрежедеги талабалар үйи студентлер хызметинде.

Китапханада китаплар фонды 3 мәртеден асты. Шыпакер Окыу Орайы ҳәзирги заманагөй асбаплар менен үскенеленген, улыўма шыпакер таярлаў программасы тийкарында УАШ қәнигелликлери таярлаў даўам етилмекте. Профессор-оқытыўшылар Ташкент медицина Академиясы оқыў орайында ҳәзир ҳәр 3 жылдан билимлерин арттырмақта. Москва, Казань, Ташкент қалаларындағы врачлардың билимлерин асырыў, қайта таярлаў институтларының көшпели оқыў циклинде оқытыў, билимин асырыў дәстүрге айланды. Онда филиал профессор-оқытыўшыларының 100 ден асламы заманогөй шыпакер таярлаўдың жаңа педогогикалық технологияларын үйренди ҳәм сертификатын алды, бул кафедраларда оқыў–тәрбия процессинде жаңа интерактив технологиялардың иске асырылыўына кең мүмкиншиликлер жаратты.

Бир неше филиал хызметкерлери ен абыройлы Европа еллериниң жоқарғы оқыў базалары–Швеция, Австрия, Италия, Германия мәмлекетлеринде стажировкада болыў мүмкиншилликлерине ийе болды. Ташкент, Самарканд, Андижан медицина институтлары менен тығыз байланыста ислеспекте. Филиал профессор-оқытыўшылары илим-изертлеў жумыслары бойынша бирнеше бағдарда мәмлекетлик бюджет тийкарында актуаль мәселелери ҳаққында проектлерди иске асырмақта.Оның жумыслары филиал басшылығында өткерилген илимий-теориялық, практикалық, Республикалық ҳәм шет еллер көллеминдеги конференцияларында жәрияланбақта. Профессор-окытыўшылардан жумыс ислеў дәўиринде П.Жалекеева, А.Маткаримова, З.Палўанова, Ш.Мамутовлар медицина илимлери кандидатлары, Г.Мамбеткаримов, А.Мадреймовлар медицина илимлериниң докторы дәрежесин алыўға еристи. Филиалдың питкериўшилери Өзбекстан, Қазақстан, Түркменстан республикаларында табыслы жумыс ислемекте, айырымлары- Р.Сабиров, Г.Қощанова, Г. Жиемуратова, М.Ещанов, Д.Еримбетовлар медицина илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алды.

Филиал хызметкерлери Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў тараўына, медицина колледжлерине жақыннан әмелий жәрдемлер көрсетпекте. Солай етип, Ташкент педиатрия медицина институты Нөкис филиалы ғәрезсиз Өзбекстанымыздың мақтанышы сыпатында Арал регионында шыпакерлер таярлаўдың тийкарғы мектеби болып хызмет етпекте халық ден саўлығын беккемлеўде, жоқарғы мағлыўматлы шыпакерлер таярлаў менен өзиниң салмақлы үлесин қоспақта. Ҳүкиметимиз тәрепинен филиалдың материаллық- техникалық базасын беккемлеў, кеңейтиў мақсетинде филиалдың жаңа имаратын қурыў мәселесиниң унамлы шешилгенлиги филиалдың келешеги жәнеде раўажлана беретуғынлығына үлкен қуўаныш пайда етеди.